

Aplikasyon règleman yo (kontinyasyon)

Aprè moun nan fin resevwa Avètisman Koutwazi a, si malgres li pa konfòme l a règleman yo, sa pral lakòz yo bay pwopriyete a ak lokatè a, yon kontravansyon, selon Chapit 8CC nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.

Montan Kontravansyon		
Premye Ofans	Dezyèm Ofans	Ofans Annapre yo
\$210	\$410	\$810

Yo pral bay kontravansyon yo imedyatman aprè yon mèt pwopriyete resevwa yon Avètisman Koutwazi preyalab.

Penalite yo akimile lèfini yo ka plase yon dwa re-tansyon sou pwopriyete a, si yo pa peye amann yo, frè aplikasyon règleman yo, ak frè administratif yo e/oswa si yo pa rektifye vyolasyon an.

Yo ka akòde tan adisyonèl pou konfòme a règleman an nan Avètisman Koutwazi yo. Tanpri Kontakte biwo Règleman Katye a (Neighborhood Regulations) pou mande pou yon ekstansyon.

Depatman Resous Ekonomik ak Règleman Miami-Dade (Miami-Dade Regulatory and Economic Resources Department) angaje l pou l bay piblik la sèvis, pou l fè sa, li asire l gen konfòmite anplis pou tout kòd ak règleman aplikab yo, defason pou kenbe tout katye yo san danje e pou amelyore kalite vi kominote a.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou estasyonman / antrepo bato ak veso pèsone l ...

- Rele Divizyon Règleman Katye a (Neighborhood Regulations Division) nan (786) 315-2552
- Rele nan 3-1-1 pou Sant Repons Konte Miami-Dade la
- Ale sou sit Entènèt la nan www.miamidade.gov/building

Pou rapòte nenpòt vyolasyon nan kòd katye a, tanpri, rele nan 3-1-1 oswa ekri yon lèt epi voye l pa imèl nan 311@miamidade.gov.

Bwochi sa a se yon gid jeneral li ye e li pa gen priyorite sou Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.



Carlos A. Gimenez, Majistra

ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

Jean Monestime, Prezidan; Esteban Bovo, Jr., Vis Prezidan;
Barbara J. Jordan, Distrik 1; Jean Monestime, Distrik 2;
Audrey M. Edmonson, Distrik 3; Sally A. Heyman, Distrik 4;
Bruno A. Barreiro, Distrik 5; Rebeca Sosa, Distrik 6; Xavier L. Suarez,
Distrik 7; Daniella Levine Cava, Distrik 8; Dennis C. Moss, Distrik 9;
Sen. Javier D. Souto, Distrik 10; Juan C. Zapata, Distrik 11;
José "Pepe" Díaz, Distrik 12; Esteban Bovo, Jr., Distrik 13

Harvey Ruvín, Grefye Tribinal yo; Pedro J. Garcia, Evalyatè Pwopriyete;
Robert A. Cuevas Jr., Avoka Konte

Konte Miami-Dade bay aksè egal ak opòtinite egal nan anplwa ak nan sèvis e li pa diskrimine poutèt andikap.

"Se règleman Konte Miami-Dade pou l konfòme l a tout ekzijans Lwa ki konsène Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act)."

DEPATMAN RESOUS EKONOMIK AK RÈGLEMANTÈ

Konfòmite a Kòd Komen Defi pou Pwopriyete Rezidansyèl nan Konte Miami-Dade ki pa enkòpore



NEIGHBORHOOD REGULATIONS
11805 SW 26th Street, Suite 230
Miami, FL 33175-2464
Lendi - Vandredi
7:30 am – 4:00 pm
Esepte jou fèt



Règleman konsènan estasyonman oswa antrepo

Bato ki gen mwenske 30 pye nan longè, pa pliske 102 pous nan lajè ak 13 pye 6 pous nan wotè, ak/oswa jiska 2 veso pèsònèl ki pou al sou dlo ki pa depase 5 pye nan lajè pa 12 pye nan longè, yo ka mete yo oswa estasyon yo tanporèman nan Distrik Zòn Rezidansyèl, Agrikiltirèl, ak Izaj Pwovizwa; sou pasèl yo devlope avèk yon estrikti rezidansyèl selon kondisyon swivan yo:

1 Yap otorize pou mete nan antrepo 1 bato oswa 2 veso pèsònèl ki pou al sou dlo, sou teren ki gen yon sifas ki mwenske ½ ak. Fòk yo kenbe/estasyon bato a/veso pèsònèl ki pou al sou dlo a nan lakou dèyè a oswa nan lakou sou kote a dèyè liy yo etabli kòm liy demakasyon konstriksyon an lepli lwen ke posib de lari a. Si zòn kote yo kenbe bato a sitiye ant rezidans lan ak yon liy demakasyon pou ri transvèsal la, fòk bato a pwoteje vizyèlman pa yon kloti prive, ti pyebwa oswa mi masonnri, ki gen yon minimòm 6 pye nan wotè.

Nan okenn sikonstans yo pap otorize pake yon bato sou dwa de pasaj piblik yo, ikonpri sou rigòl yo.

2 Yap pèmèt yo sèvi ak teren ki gen yon sifas ½ ak oswa plis, kòm antrepo pou jiska 2 bato oswa 4 veso pèsònèl ki pou al sou dlo. Yap pèmèt yo sèvi ak teren ki gen yon sifas 5 ak, kòm antrepo pou jiska 3 bato oswa 6 veso pèsònèl ki pou al sou dlo. Fòk yo kenbe/estasyon bato a/veso pèsònèl ki pou al sou dlo a nan lakou dèyè a oswa nan lakou sou kote a dèyè liy yo etabli kòm liy demakasyon konstriksyon an lepli lwen ke posib de lari a.

Depi gen 2 oswa plis bato oubyen 4 oswa plis veso pèsònèl ki pou al sou dlo, ki sitiye sou yon pwopriyete, fòk zòn antrepo a satisfè ekzijans pou limit lateral ak limit aryè pou estrikti prensipal la e fòk yo gen yon kloti prive, ti pyebwa, oswa mi masonnri ki gen yon wotè minimòm de 6 pye, ki vizyèlman sèvi kòm pwoteksyon kont pwopriyete sou kote a ak kont dwad-pasaj la.

3 Fòk yo kenbe bato ak zòn antrepo a byen net-waye, pwòp, ak nan yon eta ki prezantab.

4 Yo entèdi pou gen okenn gwo reparasyon oswa travay amenajman ki fèt sou pwopriyete a.

5 Fòk yo pa itilize bato yo kòm lojman pou viv oswa pou dòmi, e fòk yo plase bato yo e ke yo byen immobilize yo defason sekirize sou yon trelè remòk.

6 Yo otorize pou moun estasyon yo yon bato tanporèman devan liy demakasyon avan an pou yon maksimòm 2 zèdtan sou yon peryòd 24 èdtan, sèlman pou chaje ak dechaje ekipman ak materyèl. Fòk yo mare bato a nan yon machin a motè ki fonksyone e ki gen yon plak imatrikilasyon pèmanan ki valid.

7 Yo entèdi estasyonman bato komèsyal. Fòk tout bato yo mete nan antrepo sou pwopriyete a, anrejistre sou non mèt pwopriyete a oswa sou non lokatè pwopriyete a.

Aplikasyon règleman yo

Estasyonman oswa Antrepo Bato ak Veso Pèsònèl ki pou al sou dlo ki an vyolasyon avèk Seksyon 33-20(e) nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la, ka lakòz yo bay responsab vyolasyon an yon Avètisman Koutwazi. Lè sa aplikab, yap bay ni lokatè a ni pwopriyete a avi ki gen rapò avèk aplikasyon règleman yo; sepandan, se pwopriyete a ki se moun ki gen responsabilite final pou l konfòme l a règleman yo.

Al gade nan Seksyon 33-20(e) nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade